ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№140 (24.890) • 2025 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуухуэхэр къэралым щынэхъыфІхэм хабжэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «Транспорт тхьэмахуэ 2025» Іуэхум хыхьэу Москва щекІуэкІ XIX дунейпсо зэхуэсымрэ «Урысейм и транспорт» гъэлъэгъуэныгъэмрэ.**

ЗЭХУЭСЫМ и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі **Мишустин Михаил** къызэІуиха зэІущІэр. Премьер-министрыр зи махуэр зыгъэлъапІэ лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ ехъуэхъуащ, къэралым и транспорт ІэнатІэм и зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр къигъэлъэгъуащ икІи къыхигъэщащ ахэр гъэзэщІэным сом триллионихым нэблагъэ хухахыну зэрамурадыр.

АдэкІэ гуфІэгъуэ зэхуэсым къыпащащ Урысейм и Президентым къыхилъхьа «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным щытекІуахэр гъэлъэпІэн Іуэху гуапэмкІэ.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Хуснуллин Марат** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лъэпкъ пэхуэщІэм щаубзыхуахэр зэрагъэзащІэр, проектышхуэхэм къыщагъэлъэгъуахэр зэрызэфІагъэкІыр:

- МазипщІым къриубыдэу къэралым щаухуащ, къыщагъэщІэрэщІэжащ е щызэрагъэпэщыжащ гъуэгу километр мин 13 хуэдиз, асфальту метр зэбгъузэнатІэ мелуани 174-рэ тралъхьащ. А ехъулІэныгъэхэм дынэсыфынутэкъым, Президентым, Правительствэм и УнафэщІым а Іуэхухэм я нэІэ темытамэ, щІыналъэхэм лэжьыгъэр щызэзыгъэуІу гупхэр фІыуэ зэдэмылэжьамэ.

Къэралым и щІыналъэхэм ящыщу пщІым, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, я лэжьыгъэхэр нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытащ. Хуснуллин Марат текІуахэм яритащ «Золотой каток» зыфІаща дамыгъэ лъапІэхэр. Дамыгъэр **КІуэкІуэ Казбе**к къыщритыжым вице-премьерым къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщІэнымкІэ къэралым бжьыпэр щызыІыгъхэм республикэр сыт щыгъуи зэращыщыр.

Фигу къэдгъэкІыжынущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым дамыгъэ лъапІэр 2021, 2023 гъэхэми къыхуагъэфэщащ, «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ехьэлІа къалэнхэр щагъэзащІэм. ЩыІэ мардэхэм изагъэу республикэм псори зэхэту 2019 гъэм къыщыщІэдзауэ зыхуей щыхуагъэзащ къэрал, щІыналъэ, щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ гъуэгуу километр 1200-м щІигъу, апхуэдэуи уэздыгъэхэр щыфІадзащ километр 440-м я гъуэгу Іуфэхэм.

Дамыгъэ лъапІэр къыщыІихым, КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ яхуищІащ Урысейм и Правительствэм, УФ-м ТранспортымкІэ и министерствэм, купщІафІэу къазэрыдэлажьэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгууэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр Іуэхум зэрегугъури къыхигъэщащ. «ІэнатІэ куэдкІэ дызэпыщІауэ зэпымыуэ дызэрызэдэлажьэм я фІыгъэкІэ, дэ лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зыдогъэхъулІэф, ар, псом япэрауэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ, гъуэгу-транспорт инфраструктурэм пыщІа тыншыпІэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынырщ», - жиІащ республикэм и унафэщІым.

КъБР-м и Іэтащхьэр республикэм и транспорт ІэнатІэм и лэжьакІуэхэмрэ и ветеранхэмрэ я махуэмкІэ ехъуэхъуащ зэхуэсышхуэм ипэ къиихуэу. Ар Урысейм щагъэлъапІэ щэкІуэгъуэм и 20-м.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ транспорт ІэнатІэр нэгъуэщІ унэтІыныгъицэхэм зэрепхар икІи цІыху къарурэ техникэ Іэмалуи куэд къызэрызэщІиубыдэр. Мы ІэнатІэм ІэщІагъэлІ куэд щолажьэ - машинэхэр зезыгъакІуэхэр, диспетчерхэр, кондукторхэр, техникэм кІэлъыплъхэр, транспорт шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщІахэр, нэгъуэщІхэри.

Транспортым и лэжьакІуэм и махуэр Урысейм и Правительствэм игъэуващ 2020 гъэм, ауэ и тхыдэр 1809 гъэм къыщыщІедзэ – император Александр I Псым, гъуэгум щызекІуэ транспортхэм я управленэ, апхуэдэуи Гъуэгу зэпыщІэныгъэхэмкІэ инженерхэм я корпусрэ абы епха институтрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІа унафэ къыщыдигъэкІам щегъэжьауэ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэм жиІащ транспорт ІэнатІэм пэрытхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абыхэм цІыхухэмрэ хьэлъэхэмрэ и чэзум икІи шынагъуэншэу къызэрырашэкІыр, жэуаплыныгъэшхуи Іэзагъи я ІэщІагъэм зэрыпыщІар. Зи махуэр зыгъэлъапІэхэм КІуэкІуэ Казбек захуигъэзащ, узыншагъэ быдэ яІэну, зэІузэпэщу псэуну, ехъулІэныгъэ яІэу я ІэнатІэм пэрытыну зэригуапэр къыхигъэщу.



## ЩоджэнцІыкІу Алий цІыхубэм я фІыгъуэщ

● Пшыхьхэр




**ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэпІащ РСФСР-м и Къэрал саугъэт Горький Максим и цІэр зезыхьэм и лауреат, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр, ЩІыхь дамыгъэр зыхуагъэфэща, адыгэ литературэм и классик, усакІуэ, тхакІуэ цІэрыІуэ, егъэджакІуэ, журналист ЩоджэнцІыкІу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъур. Пшыхьыр щекІуэкІа драмтеатрым адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъам и цІэр 1961 гъэм щыщІэдзауэ зэрехьэ.**

ЗЭІУЩІЭМ зыкърагъэхьэлІащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэм, щэнхабзэмрэ литературэмрэ я лэжьакІуэхэм, Урысейм и щІыналъэ куэдым, гъунэгъу республикэхэм къикІа хьэщІэхэм, усакІуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ фІыуэ зылъагъухэм, и благъэхэм, Іыхьлыхэм.

- Лъэпкъым и къуэ щэджащэ ЩоджэнцІыкІу Алий и щІэинхэр ноби балигъхэм я гъуазэщ, щІэблэр абы щІапІыкІ. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм и гъэтІылъыпІэ лъапІэм щыщ хъуащ тхакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэр. Абы къытхуигъэна щІэинхэм купщІэшхуэ яхэлъщ икІи къыхощыж и щІыналъэм, цІыхубэм, и лъэпкъэгъухэм яхуиІа лъагъуныгъэ мыкІуэщІыр, гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ. И усэхэмрэ поэмэхэмрэ къызэщІаубыдэ адыгэпсэм и къулеягъыр, и къабзагъэр, дахагъэр, захуагъэр, къызыхэкІам и тхыдэр, лъэпкъым зэрыхуэпэжыр. Абы зыхищІэрт къыдалъхуахэм щІэныгъэ етынымкІэ жэуаплыныгъэ зэрихьыр, - жиІащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат пшыхьыр къыщызэІуихым.

– Лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ зыгъэбея тхакІуэм и гуащІэм и пщІэр унафэщІхэми цІыхубэми къалъытащ. ЩоджэнцІыкІум и тхыгъэхэм я мыхьэнэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр нэрылъагъущ. Адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм 20 гъэхэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ Алий. ТхакІуэм и гуащІэм теухуа къэхутэ-ныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІащ, и щІэинхэр яджащ. Иджыри а лэжьыгъэхэм пащэ. ГъащІэ мащІэ зыхуиуха, зэман гугъум хиубыда усакІуэшхуэр зэпымыуэ хущІэкъуащ анэдэлъхубзэр хъумэным, и лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр зэраджыну тхылъхэр къахудэгъэкІыным, щІэблэр егъэджэным. Курыт еджапІэм щезыгъэдж ЩоджэнцІыкІум хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, франджыбзэр, эсперантэр ищІэрт. 1941 гъэм усакІуэшхуэр фронтым кІуа нэужь гъэру яубыдащ икІи зауэм и япэ бжьыхьэм Бобруйск щыІэ концлагерым щылІащ. Ар зэи лъэпкъым тщыгъупщэнукъым.

*(КІэухыр 3-нэ нап.)*

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ

# ЕгъэфIэкIуэным хуэгъэпсауэ

**Ди къэралым и щыхьэр Москва КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ УФ-м Къызэрымык Iуэ щытыкIэхэмкIэ и министерствэм (МЧС) и пашэ Куренков Александр. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм и МЧС IэнатIэр адэкIи егъэфIэкIуэным, ди деж зи нэгу зыщезыгъэужьхэм шынагъуэншагъэ къахузэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми.**

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм, щIыпIэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ УФ-м и МЧС-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щиIэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым: IэщIагъэлI 90-рэ техникэ хэхауэ 47-рэ. Гупым я хэщIапIэр Терскол жылэращ. Абы и нэIэм щIэтщ республикэм и щIыпIэ псори, Кавказ бгы щыгум и Iыхьэшхуэ, бгы лъагэ абрагъуэу тху хиубыдэу. Зыгъэпсэхуак Iуэ къакIуэхэм абы ехьэлIа щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ ябгъэдэлъыпхъэщ. Аращ шынагъуэншэ нэгузегъэужьым и джэлэс нэхъыщхьэр.

Дызэрыт илъэсым къриубыдэу къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым апхуэдэ Iуэхуу 125-рэ зэфIахащ, бгылъэхэм щыщыIэ щIыуэпс щытыкIэ къызэрымыкIуэм хэту. ЦIыхуи 157-рэ кърагъэлащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэу зэрыщытыр. Мы илъэсым къриубыдэу абы я нэгу зыщрагъэужьакIэщ цIыху мелуанрэ ныкъуэм щIигъум. Ахэр щызокIуэ псори зэхэту километр минрэ ныкъуэм нэс зи кIыхьагъ турист лъагъуэу 57-м. А гъуэгухэм мы гъэм зэпачащ нэгузегъэужь IуэхукIэ ди щIыналъэм къэкIуа цIыху мини 10-м щIигъу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и МЧС-м и пашэ Куренков Александр фIыщIэ хуищIащ щIыналъэм щыпсэухэм, абы зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным къыхуищI гулъытэ хэхам папщIэ.

# IэмалыщIэхэр жану къагъэщхьэпэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налог къулыкъущIапIэм и ветеранхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ налог къыхэзых органхэр илъэс 35-рэ зэрырикъуамкIэ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и налог къулыкъущIапIэм и ветеранхэу, и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Си гуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Урысейм и налог органхэр къызэрыунэхурэ илъэс 35-рэ зэрырикъуамкIэ, фи IэщIагъэм и махуэр зэрывгъэлъапIэмкIэ.

Урысейм и Къэрал налог къулыкъущIапIэр (ФНС) сэбэпынагъышхуэ къэзыхь, налогхэмрэ къыхэхыпхъэхэмрэ епха хабзэхэр гъэзэщIа хъуным кIэлъыплъ къэрал политикэм зезыгъэубгъу IуэхущIапIэ нэхъыщхьэ хъуащ илъэс блэкIахэм.

Фи IэщIагъэм фIыуэ зэрыхэфщIыкIым, фи къалэнхэр нэгъэсауэ зэрывгъэзащIэм елъытащ къэрал мылъкуми республикэм и бюджетми хэхъуэу иIэнур зыхуэдизри, мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэмрэ цIыхубэ программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъури, инвестицэхэм я зекIуэкIэри, хьэрычэт щIэным хуэщхьэпэ Iуэху зехьэкIэм зэрызиубгъури.

Нобэ фэ жыджэру фогъэзащIэ фи пащхьэ кърагъэувэ къалэнхэр, зэманым къыздихь IэмалыщIэхэри жану къывогъэщхьэпэ. А псом я фIыгъэкIэ бюджетри, цIыхухэм ягъуэт Iуэхутхьэбзэхэри, хьэрычэтым къыхэхъуэ мылъкури нэхъыбэ мэхъу.

Жэуаплыныгъэ фхэлъу, фи къалэныр нэгъэсауэ зэрывгъэзащIэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэмрэ абы щыпсэу цIыхухэм я псэукIэмрэ яхуэфIщ хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэшхуэ фхузощI. Узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэшхуэрэ фиIэу, дэтхэнэ зыри фи IэнатIэм фыщефIакIуэу, Хэкум и пщIэр фIэту фылэжьэну гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу».

# IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщ

**«Къуажэ дохутыр/фельдшер», «Къуажэ егъэджакIуэ», «Къуажэм щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэ» къэрал программэхэм я фIыгъэкIэ мы гъэм ди республикэм IэнатIэкIэ къыщызэрагъэпэщащ IэщIагъэлI 40.**

ЩIЫШЫЛЭ мазэм щыщIэдзауэ «Къуажэ дохутыр/фельдшер» программэмкIэ район медицинэ IуэхущIапIэхэм ягъэкIуащ дохутыр 16-рэ фельдшери 7-рэ. Илъэсым и кIэ пщIондэ иджыри IэщIагъэлIи 7 IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Программэр 2019 гъэ лъандэрэ мэлажьэ, а зэманым къриубыдэу дохутыррэ фельдшеру 228-м IэнатIэ иратащ.

«Къуажэ егъэджакIуэ» программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэ лъандэрэ щагъэзащIэ. Илъэситхум къриубыдэу республикэм и школхэм егъэджакIуэ 41-рэ къахэхъуащ. Ди Президент Путин Владимир и унафэкIэ программэм 2030 гъэ пщIондэ къыпащэнущ. 2026 гъэм республикэм и школхэм егъэджакIуэ 18 ягъэкIуэнущ, 2027 гъэм - IэщIагъэлI 19. Мы гъэм а программэмкIэ Прохладнэ, Шэджэм, Бахъсэн, Май районхэм егъэджакIуи 9-м лэжьэн щыщIадзащ. Курыт школхэр нэхъыбэу хуэныкъуэщ математикэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ, тхыдэмкIэ, биологиемкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм, апхуэдэуи пэщIэдзэ классхэм щезыгъэджэнухэм.

2025 гъэм и шыщхьэуIу мазэм наIуэ къащIащ къуажэхэмрэ къалэ цIыкIухэмрэ щылэжьэну щэнхабзэм и IэщIагъэлIхэр къыщыхаха зэпеуэм кърикIуахэр. Зэуэ ят ахъшэр яIэрыхьэнущ IэщIагъэлIи 8-м. Абыхэм яхэтщ макъамэмкIэ, къафэмкIэ егъэджакIуэхэр, театр гупжьейхэр езыгъэкIуэкIынухэр, художественнэ унафэщIхэр. Апхуэдэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ Бахъсэн, Лэскэн, Прохладнэ, Тэрч, Iуащхьэмахуэ районхэм ЩэнхабзэмкIэ я IуэхущIапIэхэр.

2026 гъэм лэжьэн щIидзэнущ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр дэIыгъынымкIэ, ахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ «Къуажэ тренер» къэрал программэщIэм.

Ахэр псори IэмалыфIщ къуажэхэм узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зыщаужьынымкIэ.



# Зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зи тегъэщIапIэ

**КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым «стIол хъурей» жыпхъэм иту иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэр траухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэмрэ абыхэм зэрызаужьымрэ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу республикэм и хабзэубзыху, суд IуэхущIапIэхэм щыIэ ДыщэкI Мадинэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыналъэ политикэр убзыхунымрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, депутатхэр, министрхэр, дин, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Къардэн Мурат зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ щIызэхуэса Iуэхум ди зэманым мыхьэнэшхуэ зэриIэр: «Лъэпкъ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыхэплъэну Iэмал зэрыдиIэр ди къулеягъэ нэхъыщхьэщ. Ахэращ ди зыужьыныгъэм лъабжьэ яхуэхъур. Дин IуэхущIапIэхэр, щэнхабзэ центрхэр ди зэманым жыджэру зэрылажьэм и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм анэдэлъхубзэхэр, хабзэхэр хъума щохъу, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щофIакIуэ. Республикэм щэнхабзэ зэхыхьэшхуэхэр, хэзыгъэгъуазэ, псапэ Iуэхухэр зэмымыуу зэрыщекIуэкIыр абы и щыхьэтщ. Депутатхэм ди къалэнщ щIыналъэ унафэщIхэмрэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр едгъэфIэкIуэну».

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий жиIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр, дин зэхуэмыдэ зыIыгъхэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу лIэщIыгъуэкIэрэ республикэм къызэрыщызэдекIуэкIар.

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр IуэхущIапIэ къудейкъым, атIэ лъэпкъ гупсысэхэр, хабзэхэр ипэкIэ зыгъэкIуатэу, зэхъуэкIыныгъэфIхэм я Iэмалу щытщ, - къыхигъэщащ Текуевым. - Зи гугъу тщIы Iуэхум ехьэлIауэ гугъуехь щыIэхэм зыщыдгъэгъуэзэну нобэ дыхуейщ, адэкIи зэгъусэу ди лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр дгъэкIуэтэн папщIэ.

Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэныр, дин зэгурыIуэныгъэ щыгъэIэныр, щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуныр, щIалэгъуалэр терроризмымрэ экстремизмымрэ пэIэщIэ щIыныр, нэгъуэщI Iуэху щхьэпэхэри я нэIэм зэрыщIэтыр жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ мыинми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 80-м щIигъу зэрыщызэдэпсэур. Республикэм дин IуэхущIапIэу 189-рэ щыIэщ: 138-р муслъымэну, 23-р протестанскэу, 23 - православнэу, 3 урым-католическэу, 1 иудейуэ, 1 ермэлыуэ. КIурашын Анзор жиIащ дин IуэхущIапIэхэр республикэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтыр, щIалэгъуалэр зэрагъасэр, къулыкъущIапIэхэм зэрадэлажьэр, псапэ Iуэху куэд къызэрызэрагъэпэщыр. А лэжьыгъэр зыхуэгъэзар щIыналъэм цIыхухэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, зэкъуэту щызэдгъэпсэуныращ. Анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным телажьэу республикэм иIэщ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэу 40, лъэпкъ щэнхабзэ центру 13 мэлажьэ.

- Ди министерствэр щIэгъэкъуэн яхуохъу жылагъуэ IуэхущIапIэхэм. Абыхэм Iэмал ядот я IуэхущIафэхэр къызэрызэрагъэпэщыну мылъку щахухэтх зэхьэзэхуэхэм хэтыну. «КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмрэ ехьэлIа къэрал пщэрылъхэр щыгъэзэщIэн», «Къэбэрдей-Балъкъэрым экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыпэщIэтын» къэрал программэхэм япкъ иткIэ, фейдэ къегъэщIыным зи лэжьыгъэ темыщIыхьа IуэхущIапIэхэм 2025 гъэм яхухэтхащ сом мелуан 2, - къыхигъэщащ министрым.

Абы жиIащ Лъэпкъ политикэр къагъэсэбэпу цIыхубэм я зэхуаку гужьгъэжь далъхьэныр зи плъапIэхэр иджыри зэрыщыIэр, псом хуэмыдэу дзэ Iуэху хэхар зэрыщIидзэрэ апхуэдэ Iэмалым нэхъыбэрэ хуэкIуэ зэрыхъуар абы къыхигъэщащ. «Лъэпкъ, дин IуэхущIапIэхэр ди гъусэу а Iуэхухэм делэжьыным мыхьэнэшхуэ иIэщ ди зэманым. КъыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу къэхъуным хуэгъэпса Iуэхугъуэ куэд республикэм щокIуэкI. Абыхэм ящыщу къыхэзгъэщынут: «Куначество», «Национальная палитра» Iуэхухэр, лъахэхутэ диктантыр, «Эльбрус» лъэпкъ лагерыр, «Къэбэрдей-Балъкъэрыр ди зэхуэдэ унэщ» жыхуиIэхэр, - жиIащ КIурашыным. - Къыхэгъэщыпхъэщ, КъБР-м ис муслъымэнхэм я IуэхущIапIэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и къэрал Ислъам институтымрэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрызэдащIэри. Жылагъуэ, дин IуэхущIапIэхэр жыджэру хэтщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм зэрадэIэпыкъур яхузэхуэхьэсынми, Донецк, Луганск щIыналъэхэм щыпсэухэм защIэгъэкъуэнми. 2024 - 2025 гъэхэм ди щIалэхэм зэрадэIэпыкъу мызэ-мытIэу ирагъэшащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «Алан» жылагъуэ IуэхущIапIэм, Тэрч-Малкэ окружной къэзакъ зэгухьэныгъэм, «Эльбрусоид» фондым, «Ватан ёлунда» дунейпсо жылагъуэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и ДУМ-м, нэгъуэщI куэдми.

Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ цIыхубэм и гупсысэр зэтехуэу унэтIыным, я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр къагурыгъэIуэным мы зэманым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы жылагъуэ-политикэ гъащIэр зэпIэзэрыту, шынагъуэншэу щытыныр куэдкIэ зэрелъытар. «А лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI жылагъуэ IуэхущIапIэхэми лъэпкъ щэнхабзэхэр зыхъумэ центрхэми. Дэтхэнэ лъэпкъми пщIэ зэриIэр, ар къызэралъытэр илъагъун хуейщ. Абы нобэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ», - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм. Ар тепсэлъыхьащ Урысейм и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым щэкIуэгъуэм и пэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм Урысейм и лъэпкъ политикэр 2036 гъэ пщIонэ зэрыщагъэбелджылам: «Абы нэхъыщхьэу къыщыхагъэщахэм ящыщщ къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хуэгъэзауэ цIыхубэм я зэхэщIыкIыр унэтIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. ЖыIапхъэщ а зэIущIэм махуэшхуэу тIу зэрыщагъэувар - Лъэпкъ мащIэхэм я махуэмрэ (мэлыжьыхьым и 30-м) Урысей Федерацэм щызекIуэ бзэхэм я махуэмрэ (фокIадэм и 8-м). КъищынэмыщIауэ, къыхалъхьащ икIи даIыгъащ 2026 гъэр УФ-м ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и илъэсу гъэувыныр. А жэрдэмым ди щIыналъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ мыбдеж лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэдогъуэгурыкIуэ, - дыщIигъуащ Сэхъурокъуэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ телъыджэщ, лъэпкъ, дин куэд щызэгурыIуэу. Лъэпкъхэм къызыхэкIар, я бзэр, я хабзэр яхъумэжу «шэрхъ цIыкIу куэд зыщIэт» гъащIэм добакъуэ. Ауэ абы щыщ зы шэрхъ цIыкIу къыщIэхумэ, жылагъуэри бгъунлъэнущ, - жиIащ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщI Анаев Марат. - Апхуэдэ къэмыхъун щхьэкIэ, щIыналъэ унафэщIхэри жылагъуэри дызэдэлэжьэн хуейщ. Дэ ди IуэхущIапIэр къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыным йолэжь, ауэ абы къыдэкIуэуи щIэблэр хэкупсэу гъэсэным гулъытэ худощI. Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ къэрал быдэу, дызэкъуэту иджыпсту дыщымытмэ, ефIэкIуэныгъи зэрыдимыIэнур. Iуэхугъуэ едгъэкIуэкIхэм къищынэмыщIа, щIэблэр хэкупсэу гъэсэнми ди къару псори етхьэлIэн хуейщ». Къэпсэлъам дыщIигъуащ жылагъуэ лэжьакIуэхэр зэрытегузэвыхьыр анэдэлъхубзэхэр кIуэдыжынкIэ зэрыхъунум. Абы ипкъ иткIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ «Эльбрусоид» IуэхущIапIэмрэ яхузэфIэкI ирахьэлIэ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ я пщIэр къэIэтыжыным.

*(КIэухыр 3-нэ нап.)*

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт зэIущIэм щытепсэлъыхьащ иужьрей илъэсхэм республикэм щIалэгъуалэ центрхэм зэрызыщрагъэужьам. Илъэсищым къриубыдэу щIалэгъуалэ IуэхущIапIэхэм я проект 30-м щIигъум мылъкукIэ зыщIагъэкъуащ. Министрым жиIащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, щIэблэр хабзэхэм къыщIэгъэтэджыкIыным хуэгъэза зы Iуэхугъуи «1КъБР» телеканалым и гъусэу зэрагъэзащIэр. «Кунацкая» Iуэхур КъБР-м и Iэтащхьэм къыддиIыгъащ. Ди мурад нэхъыщхьэр нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэнырщ, щIалэгъуалэр нэхъ жыджэру жылагъуэ Iуэхухэм хэшэнырщ. Iуэхур щекIуэкI щIыпIэми мыхьэнэ иIэу къыхэтхащ - дыхуейщ къуажэ гъащIэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэм ныбжьыщIэхэр етшэлIэжыну. Мы Iуэхум и фIыгъэкIэ, къуажэ 23-рэ нэхъ зэпыщIа хъуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт гъэ къакIуэ, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и илъэсым, мы Iуэхум зедгъэубгъуу, гъунэгъу республикэхэри абы къыхэтшэным дызэрегупсысыр. Къэбгъэлъагъуэмэ, нобэ щIэблэ Iущ къотэдж, я анэдэлъхубзэм тегузэвыхьу, я хабзэхэр яхъумэжыну хуейуэ. Абы къыджеIэ ди лэжьыгъэр зэрымыпсыхэкIуадэр», - жиIащ министрым.

# Зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зи тегъэщIапIэ

Дин еджапIэхэм щIэблэр гъэсэнымрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я хабзэрэ щэнхабзэрэ зэрахъумэмрэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Имам Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым и ректор Шыбзыхъуэ Мурат. Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Ситниковэ Людмилэ жиIащ къэралыр гъэунэхуныгъэхэм щыхэт мы зэманым щIэблэр хэкупсэу гъэсэным зэи хуэмыдэжу мыхьэнэшхуэ зэриIэр, щIэблэм жэуаплыныгъэ яхэлъу къагъэхъун, хабзэхэм зрагъэужьын зэрыхуейр.

Хьэсанэ Аслъэн, къэпсэлъахэм я гупсысэр къызэщIикъуэж щIыкIэу, жиIащ щIыналъэ унафэщIхэм зыхуагъэувыж Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэрыхуейуэ къазэремыхъулIэнур, жылагъуэ лэжьакIуэхэр къакъуэмытмэ. «Ди япэ итахэм тхуахъума лъэпкъ щэнхабзэхэм я фIыгъэкIэ, зэпымыууэ дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу дыкъэгъуэгурыкIуащ. Аращ ноби мыпхуэдэ IуэхущIапIэхэм я мыхьэнэр щIэиныр, - жиIащ Хьэсанэм. - Абы щыгъуэми лъэпкъ дин Iуэхухэр зэрыхуейуэ къагъэсэбэпу, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2025 гъэм накъыгъэм и 26 пщIондэ хъыбар мыхъумыщIэ 378-рэ ягъэIуащ. Абыхэм я мурадыр цIыхухэм я зэхуаку хьэлэбэлыкъ дэлъхьэнырт. Къэбгъэлъагъуэмэ, а бжыгъэр, 2022 - 2023 гъэхэр зэхэту къапщтэми, тIукIэ нэхъыбэщ. Ар щIыжысIэращи, Iуэхум зэпымыууэ дыкIэлъыплъыпхъэщ. КъБР-м и Iэтащхьэм гулъытэ хэха хуещI ди лъапIэныгъэхэмрэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ зэран яхуэхъу Iуэхухэр къызэпыудыным, апхуэдэ къызэрамыгъэхъуным».

Зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, пщIэ зэхуэщIыныр я тегъэщIапIэу адэкIи зэрызэдэлэжьэнур я гуращэу зэIущIэм хэтахэр зэбгрыкIыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# ЩоджэнцIыкIу Алий цIыхубэм я фIыгъуэщ



(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреат МэшбащIэ Исхьэкъ жиIащ, километр 400-м щIигъу зыдэлъ гъуэгуанэ зэпичами, ЩоджэнцIыкIу Алий теухуа гукъэкIыж пшыхьым ар и къалэну къилъытэу и гуапэу къызэрыкIуар, езым и ныбжьыр илъэс 12 щрикъум Хэкур ихъумэжыну зауэм дэкIа усакIуэм и фэеплъым пщIэшхуэ зэрыхуищIыр.

- Кавказым и нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу, адыгэм ди тхыдэр гуауэрэ гузэвэгъуэкIэ гъэнщIауэ къекIуэкIащ. Тхыдэр, зи цIыху щэджащэхэр зыщымыгъупщэу зыгъэлъапIэ лъэпкъыр насыпыфIэщ. Апхуэдэ лъэпкъыр лIэщIыгъуэкIэрэ псэуну хуэфащэщ. ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмкIэ цIыхубэм егъэджакIуэ, гъуазэ яхуэхъуащ, - жиIащ МэшбащIэ Исхьэкъ. - Зэхыхьэм къекIуэлIа псоми, ЩоджэнцIыкIу Алий и щIэблэми узыншагъэ фиIэу, хэхъуэ фи куэду, фи нэхъыжьхэр вгъэлъапIэу фыпсэуну! ФIыуэ слъагъу республикэм и унафэщIхэми фIыщIэ ин фхузощI!

КъызыхэкIам хуэфащэ ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм къэралпсо мыхьэнэ зэраIэр, лъэпкъ псоми яку зэныбжьэгъугъэ зэрыдэлъыр зи Iэдакъэ щIэкIхэм къыхэщ усакIуэм и фэеплъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысей псом зэрыщагъэлъапIэр, и щIэинхэр щIэблэм зэрызэIэпахыр, ахэр дяпэкIи тхъумэну зэрыдикъалэныр, Хэку зауэшхуэми тхакIуэм лIыгъэ къызэрыщигъэлъэгъуар къыхигъэщу къэпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, усакIуэ, публицист, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь Поповэ Нинэ. Зи лIыкIуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мединский Владимиррэ а зэгухьэныгъэм и правленэм и секретариатым жэуап зыхь и секретарь Иванов Николайрэ я цIэкIэ фIыщIэ яхуищIащ зи гуащIэм и пщIэр цIыхубэм ялъытэ ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъ пшыхь гуапэр къызэзыгъэпэщахэм, республикэм и унафэщIхэм, усакIуэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэм, усакIуэм и фэеплъым пщIэ зэрыхуащIымрэ ар хуэсакъыу зэрахъумэмрэ я щапхъэ зэрагъэлъагъуэм папщIэ. Абы щIигъужащ къэралым и къулеигъэ нэхъыщхьэхэм ар ящыщу къызэрилъытэр.

- Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэу зыщыщ лъэпкъхэм я литературэхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий, Хетагуров Коста, Стальский Сулеймэн, Цадаса Рэмэзан сымэ я гъащIэр куэдкIэ зэщхьщ. Зэман гугъу зи натIэ хъуа тхакIуэхэм щэнхабзэр ягъэбеящ икIи нобэр къыздэсым абыхэм зэфIагъэува лъабжьэрщ лъэпкъ литературэхэр зэтезыIыгъэр. Абыхэм я ужь иуващ Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля сымэ, - жиIащ Дагъыстэн Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Ахмедовэ Маринэ. - Куэд щымыгъуазэми, Дагъыстэным и Темырхъан Шурэ (иджы Буйнакск къалэ) щыIэ егъэджакIуэ курсым щеджауэ щытащ ЩоджэнцIыкIу Алий. Кавказым ис лъэпкъхэр нэхъри зэкъуигъэувэнут усакIуэм и фэеплъ ди щIыналъэм щагъэувам. Ди республикэм тхакIуэхэм папщIэ къыщызэдгъэпэщ «Истоки» фестивалым етIанэгъэ ди гуапэу фыдогъэблагъэ.

КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Лусанэ зи лIыкIуэ зэгухьэныгъэми езым и щхьэми къыбгъэдэкIыу къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэ ярихащ икIи жиIащ ЩоджэнцIыкIу Алий къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм и мызакъуэу, абы и зэфIэкIхэм Кавказ Ищхъэрэ псор зэрыригушхуэр, и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр, тхакIуэм и тхыгъэхэм блэкIамрэ нобэмрэ зэрызэпащIэр.

Зэхыхьэм ирагъэблэгъа хьэщIэхэм къыхагъэщащ пшыхьым зэрыхэтар гуапэ зэращыхъуар, ЩоджэнцIыкIу Алий и щIэинхэм пщIэ зэрыхуащIыр, куэд къимыгъэщIами, усакIуэм адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, и Хэкум, и лъэпкъэгъухэм, и IэщIагъэм зэремыпцIыжар, зауэлI, усакIуэ нэсым и щапхъэ игъэлъагъуэу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу и псэр зэритар, абы и IуэхущIафэ дахэхэр, и щIэинхэр къахуэщхьэпэху, ар ягу къагъэхъыжыху псэу пэлъытэу зэрыщытыр.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм Ставрополь крайм щиIэ къудамэм и унафэщI Куприн Александр, Ингуш Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Накостоев Хаваш, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Хозиев Борис, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу, ЩоджэнцIыкIу Алий и къуэрылъху Мурат фIыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ, и адэшхуэм псалъэ гуапэ къыхужызыIахэм.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр гъэхуауэ къеджащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм. Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

* * *

ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща Iуэхухэм хыхьэу, ар щыпсэуа унэ-музейм зыщаплъыхьащ ди щIыналъэм къэкIуа хьэщIэхэм.

УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарым и къуэдзэ Поповэ Нинэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, КИФЩI-м и хэгъэгухэм я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри иригъэблэгъащ музейм и унафэщI Шакъ Марьянэ. IуэхущIапIэм и тхыдэм кIэщIу здытепсэлъыхьым, къыхигъэщащ, куэд къимыгъэщIами, ЩоджэнцIыкIу Алий щIэиныфI къазэрыхуигъэнар. Ахэр зыхуэдэм щегъэгъуазэ музейм къакIуэ еджакIуэхэр, студентхэр, щIыналъэм и хьэщIэхэр. Езыхэри тхакIуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щрикIуэкIэ е абы и цIэр зезыхьэ театрыр щалъагъукIэ, усакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ зыхуэдар зэрафIэгъэщIэгъуэныр жаIэ. Шакъ Марьянэ къыхигъэщащ усакIуэм и фэеплъыр хъумэнымкIэ музейм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ЩоджэнцIыкIу Алий щыпсэуа унэм, иджы музейм къакIуэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэр гуапэ зэрыщыхъур.

Унэ-музейр 1938 гъэм яухуащ. 1939 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий абы пэшитI хъу фэтэр къыщратащ. 1988 гъэм КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ, усакIуэр къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу, ар щыпсэуа унэм музей къыщызэIуахащ. Алий зэуапIэм къикIыжакъым. Иужь дыдэу абы щыпсэуа и къуэ нэхъыщIэм Лиуан а Iуэхур гуапэ щыхъуауэ хэлIыфIыхьащ музейр къызэгъэпэщыным. И IэщIагъэкIэ ар езыр ухуакIуэт.

ЩоджэнцIыкIу Алий и пхъурылъху, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхакIуэ ХьэкIуащэ Мадинэ зэхуэсахэр щIигъэдэIуащ и адэшхуэм теухуа гукъэкIыжхэм. Абы и псалъэм къыхигъэщащ Алий анэдэлъхубзэр цIыхубэм я псэу, къуалэбзурэ пэт бзэ яIэу жиIэу зэрыщытар, XX лIэщIыгъуэм лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэм зэрыкIэричынум гу зэрылъитар, нобэ ар ди нэгу зэрыщIэкIыр, анэдэлъхубзэр Iумпэм зыщIхэм теухуа усэ зэриIэр, анэдэлъхубзэр хъумэным псэуху зэрыхущIэкъуар. Псом хуэмыдэу Мадинэ гукъинэж щыхъуащ и щIалэгъуэм «ЩIымахуэ жэщ» поэмэм къыщеджам абы щIэлъ гупсысэм игу зэрыхигъэщIар, иджыри а тхыгъэм зэригъэнэщхъейр.

ЩоджэнцIыкIу Алий зэрыуахътыншэр нэрылъагъу пщызыщIт абы теухуа зэIущIэхэм щыжаIар.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ*.







# Журналистхэр щIэпхъаджагъэм зэрыпэщIэт Iэмалхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ «КъБР-Медиа» ГКУ-мрэ къызэрагъэпэщри, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным теухуа зэIущIэ щекIуэкIащ Налшык Печатым и правленэм и унэм. Абы зыкъэрагъэхьэлIащ республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм, «Журналист ныбжьыщIэм и школым» къекIуалIэхэм, район, республикэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я редакторхэмрэ корреспондентхэмрэ. «Терроризмэм, экстремизмэм, нацизмэм пэщIэтын. Журналистым щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм щиIэ къалэнхэр» фIэщыгъэр зыхуащIа зэIущIэр къызэIуихащ КъБР- и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч.**

- ДИ ЗЭIУЩIЭР щхьэпэ дыдэ хъуну дыщогугъ. Мы гъэм Налшык япэу щекIуэкIащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «Инфорум» егъэджэныгъэ. Абы хэту «стIол хъурей» щыIащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iуэху зытетхэм теухуауэ. ИужькIэ, КъБР-м щыщ гуп Сочэ къалэм кIуэри, «Вся Россия 2025» урысейпсо журналист зэхыхьэм хэтащ. А псор къыщIызэдгъэпэщыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ журналистхэм я щIэныгъэм хэдгъэхъуэн, нэхъыбэм гу лъедгъэтэн папщIэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм дяпэкIи къыпытщэнущ, зедгъэубгъунущ. Сыхуейт, фызыгъэпIейтей, нэхъ кууэ зыщывгъэгъуэзэну фызыщIэхъуэпс Iуэхугъуэхэр къэдывгъэщIэну. Абыхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьын IэщIагъэлIхэр дэ къыфхуетшэлIэнщ.

АдэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Аттаев Азнор видеозэпыщIэныгъэкIэ зэIущIэм кърихьэлIа хьэщIэ лъапIэр къызэхуэсахэм къаригъэцIыхуащ:

- Ди гуапэщ видеозэпыщIэныгъэм и Iэмалыр къэдгъэсэбэпу едгъэкIуэкI зэIущIэм Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, дунейпсо Iуэхугъуэхэмкlэ и къудамэм и унафэщI, Ираким, Палестинэм, Сирием, Суданым щыIа журналист-международник, Журналистхэм я дунейпсо федерацэм и вице-президент, ЛингвистикэмкIэ Москва щыIэ къэрал университетым коммуникацэ технологиехэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ, иджырей журналистикэм щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд тезыухуа Шафир Тимур къызэрытхуеблэгъар. Ар зытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэхэр псом хуэмыдэжу щIалэгъуалэм дежкIэ щхьэпэщ.

Шафир Тимур тепсэлъыхьащ экстремизмэм, терроризмэм, нацизмэм я щхьэусыгъуэхэм, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм, журналист IэщIагъэ зиIэр апхуэдэхэм япэщIэтыфын папщIэ ящIапхъэхэмрэ щIэпхъаджащIэхэм щатепсэлъыхькIэ е щатетхыхькIэ зыхуэсэкъын хуей Iуэхугъуэхэмрэ.

Псом япэу къытеувыIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зищIысыр къыбгурызыгъаIуэ чэнджэщхэр, лекцэхэр журналист ныбжьыщIэхэм дежкIэ зэрыщхьэпэм. Къыхигъэщащ щIыналъэхэм щыIэ журналистхэм я лэжьэкIэм зыкъомкIэ зэрелъытар а щIыпIэм щыIэнкIэ хъуну щытыкIэр. ЩIэпхъаджащIэхэм дазэрыпэщIэтын Iэмал нэхъыщхьэ дыдэу къилъытэхэм ящыщу къэпсэлъам къигъэлъэгъуащ апхуэдэхэм утыку епт зэрымыхъунур.

- ЩIэпхъаджащIэхэм утыкур хуит яхуэпщI хъунукъым. Сыт абы къикIыр? ЩIэгъэхуэбжьауэ, егъэлеяуэ шынагъуэу абыхэм я гугъу пщIымэ, цIыхубэр шынэнущ, заудыгъунущ. Террористым и IуэхущIафэр СМИ-м ирипхыну щIокъу. Абы щIэпхъаджагъэ илэжьу лъэныкъуэ зригъэзыжын къудейкъым и нэрыгъыр, атIэ хуейщ а ищIам куэд тепсэлъыхьыну, абы и хъыбарыр нэхъыбэм зэхахыну, нэгъуэщI Iуэху щымыIэжым хуэдэу, псори къигъэнэну. Террористхэр нэхъыбэм зи акъылыр мытэмэм цIыхухэщ. «ЭкстремисткIэ» зэджэм и гуращэ фIейхэр тIэкIу къыщхьэщокI террористым ейм. Экстремистым и нэрыгъыр цIыхубэм щабзыщIIауэ, зыгуэрхэр къэрамыгъащIэу къыщагъэхъунырщ. Абы папщIэ экстремистхэм я Iэщэ нэхъыщхьэ дыдэщ интернет напэкIуэцIхэр. Нэхъ шынагъуэжыр «нацизм» жыхуэтIэрщ. Нацистхэм цIыхухэр зэхуэмыдэу, къызыхэкIа, зыщыщ лъэпкъ елъытауэ зым нэхърэ адрейр нэхъыкIэу ябж, зэхуагъадэркъым.

ЩIэпхъаджащIэхэм ятеухуа хъыбар щыптхым деж уегупсысын хуейщ цIыхухэм ар зэрызыхащIэнуми абы кърикIуэнкIэ хъунуми. ИпэжыпIэкIэ узыщыгъуазэ, ар зи къалэным хиубыдэ IуэхущIапIэхэр щыхьэт зытехъуэжа хъыбар фIэкIа яхэпхьэну ухуиткъым. ИтIанэ, укIэлъыплъын хуейщ цIыхубэм апхуэдэ хъыбарыр къазэрыщыхъуам, тражыIыхьхэм. ЦIыхухэр нэхъри мыгужьеин папщIэ журналистхэм къагъэсэбэп хъунущ Iэмал гуэрхэр. Псалъэм папщIэ, а Iуэхугъуэр шынагъуэми, апхуэдэ къэмыхъуныр е къэхъуар гъэзэкIуэжыныр зи къалэнхэр зэрымыбэлэрыгъыр, цIыхубэм я шынагъуэншагъэр хъумэным ахэр зэрыпылъыр къэгъэлъэгъуэн хуейщ, - жиIащ абы.

Шафир Тимур тепсэлъыхьащ бзэ зэгъэкIуа къигъэсэбэпкIэрэ, журналистыр щIэпхъаджащIэхэм пэщIэтыным теухуауэ сэбэп зэрыхъуфынур. Къыхигъэщащ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Ингуш, Шэшэн республикэхэм щыIэ журналистхэм я тхыгъэхэр нэсу зэхуагъэхъуу къызэрилъытэр. АбыкIэ сэбэп хъууэ къыхигъэщащ я анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ фIыуэ зэращIэр. Iуэхугъуэр нэсу зэпкърахыным бзэм и IэмалкIэ холIыфIыхь.

СМИ-м цIыхубэм хъыбар щрагъащIэм деж куэдрэ къохъу щыуагъэхэр щаIэщIэкI. Абыхэми къатеувыIащ къэпсалъэр икIи къыхигъэщащ журналистхэр зэрыпIащIэм, япэу хъыбарыр хагъэIуэну зэрыхуеим зэраныгъэ къызэришэр. Апхуэдэм деж хъыбарым и пэжыпIэр зэхагъэкIыну хунэсыркъым. Щыуагъэхэм яхибжащ журналистым и тхыгъэм хуищI псалъащхьэм е къыщихь псалъэхэм гуемыIу куэд къыхигъэхьэныр. Псалъэм папщIэ, «лъыкъуалэр къежэхыу», «гуащIэу зызэрапщытащ», нэгъуэщI мыпхуэдэ жыIэкIэхэм запыIудзын хуейщ. Щыуагъэу къилъытащ щIэпхъаджащIэм илэжьа Iуэхур зэтещыпыкIауэ къэIуэтэжыныр. Псалъэм папщIэ къигъэсэбэпа Iэмалхэр, зрикIуа гъуэгур, зызэригъэпщкIуа щIыкIэр – мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр къэбгъэлъагъуэмэ, абы иригъуэзэнкIэ хъунущ гъуэгу пхэнжым теува нэгъуэщI зыгуэрхэр. Щыуагъэхэм яхибжащ щIэпхъаджащIэр нэхъапэм зы бэлыхь зыхузэфIэкI гуэру щытауэ къэбгъэлъэгъуэныр, и сабиигъуэм е курыт еджапIэм щыщIэса зэманым, хьэл-щэн иIахэм ебгъэлейуэ утепсэлъыхьыныр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, щIэпхъаджащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ узэгупсысынкIэ хъун шыфэлIыфэ кIэрумылъхьэмэ нэхъыфIщ.

Сыт журналистым ищIэн хуейр къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэр нэщIысауэ цIыхубэм я деж нихьэсын папщIэ? Япэрауэ, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм дэфтэркIэ е абы щыгъуэзэну зи къалэн лэжьакIуэхэм я псалъэкIэ щIэгъэбыдауэ щытын хуейщ. Езы журналистым и губжь, лъагъумыхъуныгъэ гуэр тхыгъэм имыгъакIуэмэ нэхъыфIщ – Iуэхум и пэжыпIэращ къигъэлъэгъуэн хуейр, езыр а Iуэхум зэрыхущытыр нэгъуэщI зы упщIэщ. Iэмал имыIэу къыхигъэщын хуейщ къэхъуар зэрызэхагъэкIыр, цIыхухэр шынэн е гужьеин зэрыхуэмейр. Къигъэлъэгъуапхъэщ къэхъуа щIэпхъаджагъэм теухуауэ IупщI хъуамрэ а зэманым къриубыдэу зэхагъэкIымрэ.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн Шафир Тимур зыхуигъэзащ зэIущIэм хэт журналистхэм папщIэ щIэпхъаджагъэм лъабжьэ хуэхъункIэ хъуну Iуэхугъуэхэм, зызыщахъумэн хуейхэм нэхъ пыухыкIауэ къытеувыIэну. ХьэщIэр тепсэлъыхьащ терроризмэм, экстремизмэм, нацизмэм лъабжьэ яхуэхъу Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм.

Жыласэ Заурбэч видеозэпыщIэныгъэкIэ кърагъэблэгъа хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ щIэпхъаджагъэм пэщIэтынымкIэ журналистхэм я Iэмалхэм гурыIуэгъуэу зэрытепсэлъыхьам, жиIахэр щапхъэ IупщIхэмкIэ зэрыщIигъэбыдэжам папщIэ. Къыхигъэщащ адэкIи я зэдэлэжьэныгъэм къыпащэмэ зэригуапэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 22,**
***щэбэт***

♦**Къуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Психологхэм я махуэр**
♦**1933 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Азэмэт**.
♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен**.
♦**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир**.
♦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкIэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 23,**
***тхьэмахуэ***

♦**ПсыкIэ зэIыпх хъу лэчым и дунейпсо махуэщ**
**1965 гъэм** СССР-м и Кинематографистхэм я союз къызэрагъэпэщащ
♦**1794 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэдж, филолог, узэщIакIуэ **Нэгумэ Шорэ**.
♦**1920 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал**.
♦**1947 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ **Уэрэзей Афлик**.
♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист **НэщIэпыджэ Замирэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 24,**
***блыщхьэ***

♦**Мыщэхуэным и дунейпсо махуэщ**
♦**1927 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Опереттэм и къэрал театрыр.
♦**1956 гъэм** КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ балъкъэр, къэрэшей, къалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.
♦**1947 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм, Кавказым я тхыдэр зыджа, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Половинкинэ Тамарэ**.
♦**1966 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей радиожурналист **Гъубжокъуэ Рометэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Сабий зыгъасэ хасэм хокIыж.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 24

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.05 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВРАГ У ВОРОТ» (16+)
00.15 «Время героев» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.20 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
03.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «АКУШЕР» (16+)
22.15 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
02.40 Т/с «ВОЛК» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «РЫСЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Военное образование. С учетом боевого опыта» (16+)
11.50, 13.25 «Петровка, 38»
14.20, 15.05, 17.15 Т/с «ЖАЖДА» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ПРАВДА ЛЕЙТЕНАНТА КЛИМОВА» (16+)
01.05 Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)
02.30 Х/ф «ПРАВО НА ВЫСТРЕЛ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/ф «Николай Пирогов. Возвращение»
08.05 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.30 Х/ф «САПОГИ ВСМЯТКУ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 00.15 «ХХ век»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Линия жизни. Лев Зеленый
13.55 Х/ф «МОЛОДАЯ ГВАРДИЯ» (16+)
15.20 Агора
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15 Д/с «Первые в мире»
17.30 Рассказы из русской истории
19.00 Книги моей судьбы. К 95-летию Игоря Золотусского
19.45 Главная роль
20.00 Торжественное открытие XXVI Международного телевизионного конкурса юных музыкантов «Щелкунчик». Прямая трансляция из КЗЧ
21.45 Сати. Нескучная классика...
22.25 Х/ф «КОЕ-ЧТО ИЗ ГУБЕРНСКОЙ ЖИЗНИ» (16+)
01.20 Мастер-класс
02.15 Д/с «Хранители жизни»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.30, 18.50, 22.00, 01.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 Лица страны (12+)
09.25 «Эволюция спорта» (12+)
10.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
12.35 «Специальный репортаж» (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
14.55 «Тайны звезд спорта» (12+)
15.30 Громко. Прямая трансляция
16.55 Футзал. «Синара» (Екатеринбург) - «Газпром-Югра» (Югорск). Бетсити. Суперлига. Прямая трансляция
19.15 Хоккей. ЦСКА - СКА (Санкт-Петербург). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.50 Футбол. «Эспаньол» - «Севилья». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
01.55 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
02.55 Д/ф «Новак Джокович. Только победа» (12+)

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 25

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.05 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВРАГ У ВОРОТ» (16+)
00.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.20 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
03.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

05.00, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «АКУШЕР» (16+)
22.15 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
01.55 Т/с «ВОЛК» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.30 Т/с «ЖАЖДА» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Военное образование. С учетом боевого опыта» (16+)
11.50, 13.25 Х/ф «ПРИСТУПИТЬ К ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
13.45, 15.05, 17.15 Т/с «КРЕМЕНЬ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ПРИСТУПИТЬ К ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
01.45 Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
03.10 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
03.40 Т/с «КРЕМЕНЬ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Легенды мирового кино. 100 лет со дня рождения Нонны Мордюковой
07.45 Д/ф «Древнерусский детектив. Андрей Боголюбский»
08.40 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 00.15 «ХХ век»
12.15 Д/с «Забытое ремесло»
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 Д/ф «Нонна Мордюкова»
13.45 Х/ф «МОЛОДАЯ ГВАРДИЯ» (16+)
15.15 Д/с «Запечатленное время»
15.45 Сати. Нескучная классика...
16.30 Д/с «Коллекция»
17.20 Мастер-класс
18.15 Д/с «Хранители жизни»
19.00 Книги моей судьбы. К 95-летию Игоря Золотусского
19.45 Главная роль
20.05 Правила жизни
20.35 Д/ф «Нонна Мордюкова»
21.25 Белая студия
22.10 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
23.30 Д/с «Рассекреченная история»
01.15 Мастер-класс
02.15 Д/с «Хранители жизни»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.30, 15.30, 20.00, 22.30 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 12.35 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 «Эволюция спорта» (12+)
10.25 Смешанные единоборства. О. Борисов - Ж. Силва. АСА. Трансляция из Белоруссии (16+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
14.55 «Тайны звезд спорта» (12+)
16.35 Д/ф «Новак Джокович. Только победа» (12+)
17.45 Футбол. «Торпедо» (Москва) - «Балтика» (Калининградская область). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
20.15 Футбол. «Арсенал» (Тула) - «Рубин» (Казань). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
00.00 Бильярд. Кубок мира. Свободная пирамида. Трансляция из Новосибирска (6+)
01.55 «Эволюция спорта» (12+)
02.55 Д/ф «Лионель Месси» (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Гандбол. «Зенит» (Россия) - «СКА-Минск» (Белоруссия). SEHA-Газпром Лига (6+)
05.30 География спорта (12+)

## Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 26

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.05 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВРАГ У ВОРОТ» (16+)
00.15 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.20 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
03.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

05.00, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «АКУШЕР» (16+)
22.15 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
01.50 Т/с «ВОЛК» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «КРЕМЕНЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Военное образование. С учетом боевого опыта» (16+)
11.50, 13.25 Х/ф «ПРИСТУПИТЬ К ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
13.35, 15.05, 17.15 Т/с «КРЕМЕНЬ. ОСВОБОЖДЕНИЕ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 Д/с «Секретные материалы» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ДЕРЗОСТЬ» (16+) (СССР, 1971) (12+)
01.15 Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
02.50 Д/ф «Ополченцы. Мелодия памяти» (12+)
03.30 Т/с «КРЕМЕНЬ. ОСВОБОЖДЕНИЕ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Легенды мирового кино
07.45 Д/ф «История в шифрах»
08.40 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
10.00, 13.15, 16.45, 19.30, 00.00 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15 XXVI Международный телеконкурс юных музыкантов «Щелкунчик». II тур. Струнные инструменты. Прямая трансляция
13.30 Д/ф «Дело Ивана Посошкова»
13.45 Д/ф «Золушка». Добрые люди, где же вы?»
14.25 XXVI Международный телеконкурс юных музыкантов «Щелкунчик». II тур. Фортепиано. Прямая трансляция
16.15 Библейский сюжет
17.00 XXVI Международный телеконкурс юных музыкантов «Щелкунчик». II тур. Духовые и ударные инструменты. Прямая трансляция
19.00 Книги моей судьбы. К 95-летию Игоря Золотусского
19.45 Главная роль
20.05 Правила жизни
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Абсолютный слух
21.30 Власть факта
22.10 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
23.30 Д/с «Рассекреченная история»
00.15 «ХХ век»
01.20 Мастер-класс
02.15 Д/с «Хранители жизни»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Голевая неделя. РФ» (6+)
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.30, 15.30, 22.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05, 12.35 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 «Эволюция спорта» (12+)
10.25 Смешанные единоборства. А. Царукян - Д. Хукер. UFC. Трансляция из Катара (16+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.25 «Вид сверху» (12+)
14.55 «Тайны звезд спорта» (12+)
16.35 Д/ф «Лионель Месси» (12+)
17.45 Футбол. ЦСКА - «Динамо» (Махачкала). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
20.00 Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Спартак» (Москва). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
00.00 Бильярд. Кубок мира. Свободная пирамида. Трансляция из Новосибирска (6+)
01.55 «Эволюция спорта» (12+)
02.55 Д/ф «Флойд Мейвезер» (16+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Спортивная гимнастика. Кубок Михаила Воронина. Трансляция из Москвы (6+)

## Махуэку, щэкIуэгъуэм и 27

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.05 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВРАГ У ВОРОТ» (16+)
00.00 Д/ф «Специальный репортаж «Морпехи». К Дню морской пехоты (12+)
00.55 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.20 Церемония вручения Открытой Евразийской кинопремии «Бриллиантовая Бабочка»

### НТВ

05.00, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «АКУШЕР» (16+)
22.15 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
01.00 «Поздняков» (16+)
01.10 «Мы и наука. Наука и мы» (12+)

### ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «КРЕМЕНЬ. ОСВОБОЖДЕНИЕ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Военное образование. С учетом боевого опыта» (16+)
11.50 Д/ф «Морпехи. Три века побед» (16+)
12.50, 13.25 «Специальный репортаж» (16+)
13.40, 15.05, 17.15 Т/с «В ИЮНЕ 41-ГО» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Код доступа» (12+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «МОРСКОЙ ХАРАКТЕР» (16+)
01.15 Х/ф «ДЕРЗОСТЬ» (16+)
02.50 Х/ф «ЗВЕЗДА» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Легенды мирового кино
07.45 Д/ф «Молодинская битва. Забытый подвиг»
08.25 Д/с «Забытое ремесло»
08.40 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 00.15 «ХХ век»
11.50 Больше чем любовь. К 95-летию со дня рождения Нины Гребешковой
12.45 Новости. Подробно. Театр
13.00 Х/ф «АРНОЛЬД ДЕЙЧ. ПОСЛЕДНЯЯ ЛЕГЕНДА» (16+)
14.00 Х/ф «ПРОСТИ НАС, САД...» (16+)
15.10 Д/с «Запечатленное время»
15.35 «2 Верник 2»
16.30 Д/с «Пряничный домик»
17.15 Мастер-класс
18.15 Д/с «Хранители жизни»
19.00 Книги моей судьбы. К 95-летию Игоря Золотусского
19.45 Главная роль
20.00 Церемония вручения Открытой Евразийской кинопремии «Бриллиантовая Бабочка». Прямая трансляция
21.35 Энигма
22.20 Х/ф «ДНИ ТУРБИНЫХ» (16+)
23.30 Д/с «Рассекреченная история»
01.20 Мастер-класс

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Вид сверху» (12+)
07.00, 09.00, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 22.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Ханты-Мансийска
11.25 Лыжные гонки. Кубок России. Женщины. 10 км. Прямая трансляция из Кировска
13.00 Лыжные гонки. Кубок России. Мужчины. 15 км. Прямая трансляция из Кировска
16.35 Д/ф «Флойд Мейвезер» (16+)
17.45 Футбол. «КАМАЗ» (Набережные Челны) - «Крылья Советов» (Самара). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
20.00 Футбол. «Динамо» (Москва) - «Зенит» (Санкт-Петербург). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
00.00 Евротур (12+)
00.55 «Вы это видели» (12+)
01.55 Лыжные гонки. Кубок России. Женщины. 10 км. Трансляция из Кировска (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Динамо-Урал» (Уфа) - «Кузбасс» (Кемерово). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины (6+)




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ



● Хабзэ

### Фызышэ

Ипэ зэманым хъыджэбзым и нэчыхьыр ятха иужь, и адэанэм деж ар къагъэнэжырти, зы илъэс хуэдэ щагъэІэрт. ИтІанэ фызышэ шууэ 100-м нэс зэхуэсырти, зы шыгу я гъусэу, зы цІыхубз ядэщІыгъуу кІуэрти, нысащІэр къашэрт. Фызышэ кІуахэм «фызышэ уаредадэ» жаІэрт, джэдыкІэ, пыІэ еуэхэрт, шы къызэдагъажэрт.

Фызышэ хабзэр ХХ лІэщІыгъуэм и 20-60 гъэхэм кІуэдыжауэ щытащ, ауэ иужь зэманым къежьэжащ. Иджы фызышэ зэрыкІуэр машинэ псынщІэхэмкІэщ. Япэм нысащІэм и гъусэну зы цІыхубз фІэкІа здашэу щымытамэ, ди зэманым ахэри нэхъыбэу макІуэ. Адыгэ фызышэм хэкІуэдыкІыжащ пыІэзэфІэхь, джэдыкІэ, пыІэ еуэхэр, пехьэжьэр, нэгъуэщІ хабзэхэри.

### Фызышэефэ

Ежьэным ипэкІэ фызышэ ягъэкІуэну зэджахэр къызэхуэсырти Іуэхум зэрыхэтыну щІыкІэм унафэ тращІыхьырт, зэгурыІуэхэрт, хъуахъуэхэрти зэбгрыкІыжырт. Сыхьэт зы-тІу дэкІа иужь, я фащэхэр ящыгъыу, гъэщІэрэщІауэ, зэрежьэнум хуэдэу зэхуэсыжырти, гъуэгу техьэрт.

### Фызышэ къэптал

Нысэ къызыхуашэну унагъуэм и благъэхэм къэптал 20-30 хуэдиз ядырт. Ахэр фызышэ кІуэхэм здашэрти, пхъур зейм иратырт. Къэпталхэр иужькІэ зыхуэфащэ я благъэ, Іыхьлы, гъунэгъухэм хуагуэшыжырт. Хабзэр 20-нэ гъэхэм кІуэдыжащ.

### Фызышэ лъэІу

Нысэ къэзышэ унагъуэм фызышэр щежьэнум ипэ махуэм лІы зытІущ къуажэм хигъэхьэрти, унащхьэщІэкІыу жылэдэсхэм хъыбар ирагъащІэрт. КъекІуэлІахэр ягъэхьэщІэрт, абы иужькІэ псоми яхузэфІэкІ ахъшэ зэхалъхьэрти унагъуэм иратырт, фызышэм трагъэкІуэдэну. Абы «фызышэ лъэІукІэ» еджэу щытащ. Хабзэр ди зэманым щыІэ фызышэм хэтыжкъым.

### Фызышэ лъэІуефэ

Фызышэ лъэІум, хабзэм къызэриубыдымкІэ, зэджа псори къекІуэлІэн хуейт. Къызэхуэсахэм мэл хуаукІырт, фадэ къыхуащтэрти ягъэхьэщІэрт. А ефэ-ешхэм «фызышэ лъэІуефэкІэ» еджэу щытащ. Хабзэр кІуэдыжащ.

# Нартыху хужь пІастэ

● Шхыныгъуэхэр



Нартыху пІастапхъэ зэтеудар кхъузанэ щабэкІэ яухуэнщІ, къина пхъашэр тІэу-щэ щІагъэпщ кхъапІэ къыхэмынэуи, псы хуабэкІэ тхуэхэ ялъэс. ПІастапхъэ лъэсар псы къэкъуалъэм хакІутэ, зэІащІэурэ тІэкІурэ къагъэкъуалъэ, къыдрихьеяхэр чымчыркІэ къытрах. МафІэр цІыкІу ящІри, сыхьэт нэблагъэкІэ бэлагъкІэ зэІащІэурэ Іув тІатІэ хъуху ягъавэ. ЗэІащІэурэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар хаудэ, мафІэр нэхъ ин ящІри, дакъикъэ 20-30-кІэ бэлагъкІэ япщурэ ягъажьэ.

Хьэзыр хъуа пІастэр шыуан джабэм кІэрымыпщІэу щытын хуейщ. ПІастэ жьар зэрыпщтыру, псы щІыІэ тІэкІу зыщыхуа Іэнэм тралъхьэри, Іэхэр псыф ящІурэ см 8-10 и лъагагъыу яубэ, итІанэ ягъэупщІыІу. ПІастэр Іэнэм щытрагъэувэнум деж пІастэ щхьэфэр трагъэжри, бзыгъэурэ яупщІатэ. Дашх лы, гъэшхэкІ шхыныгъуэхэм.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):*** нартыху зэтеуда щІэгъэпщауэ - г 135-рэ, псыуэ - г 500, нартыху хьэжыгъэу – г 65-рэ.

● ГушыІэхэр



### Хэхъуэ сылъыхъуэрэ сэ?

Хъуэжэ тумэнкІэ къищэхур сомибгъукІэ ищэжу, сомибгъукІэ къищэхур сомийкІэ ищэжу бэзэрым тетрей щыхъум, и щхьэгъусэм хуэмышэчыжу: «Ар сыт сондэджэрыкІэ, на, хэщІ фІэкІа хэхъуэ уимыІэу», - жиІащ.

Хъуэжэ куэдрэ мыгупсысэу:

- Хэхъуэ сылъыхъуэрэ сэ, зиунагъуэрэ! Сэ сызыхэтыр хьэрычэт гуэрхэр схэлъ хуэдэу цІыхухэм закъыфІэзгъэщІыну арщ.

### Уэ угубзыгъэмэ, къэгъуэтыж иджы

Тхьэмыщкlэ гуэр езыхужьауэ кІэлъыжэ бейр щилъагъум, Хъуэжэ и Іэлъэныкъуэ кхъуэщын цІыкІур къищтэри, кІэлъыджэу щІэпхъуащ.

Беижьыр къэувыІэри:

- Сыт ущІэкІийр? Узыхуейр сыт?! – къеупщІащ.

- Ей, зиусхьэн, махъсымэфІ дыдэу мыбы из сиІамэ, уезгъэфэнут, - жриІащ.

КъигъэувыІар къеплъыщ-къеплъри:

- Къыпхуэт щымыІэу уделэщ, - жриІащ.

- АтІэ уэ унэхъ губзыгъэмэ, къэгъуэтыж иджы а епхужьар, - жиІэурэ и пщІантІэм дыхьэжащ Хъуэжэ.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

## Сыту зэман ябгэ мы дыкъызыхэхутар!

ГъэщІэгъуэнщ мыр: тхакІуэм талант имыІэмэ, хуагъэгъу, зыхуамыгъэгъур, бэлыхьым хамыгъэкІыу ягъэпсэур талант зиІэращ. Куэд къокІ абы.

* * *

УсакІуэр къуалэбзукъым, сыт щыгъуи зы уэрэд цІыкІу фІэкІа къримышу, уеблэмэ а зы уэрэдыр фІэлъапІэ дыдэу, абы хуабжьу хуэІэзэу щытми. Зы уэрэд фІэкІа жимыІэфу усакІуэр къэнамэ, сыт хуэдизрэ уедэІуэн абы?! Зэ жиІам тІэу-щэ къытригъэзэжыныр усакІуэм и дежкІэ лІэныгъэм хуэдэщ. Абы и дэтхэнэ уэрэдри щІэуэ, щІэщыгъуэу щытын хуейщ.

* * *

Сыту зэман ябгэ мы дыкъызыхэхутар! Ахъшэ уимыІэмэ, уцІыхуу уабжыркъым, ахъшэ уиІэмэ, уаукІыну къыпкІэлъажыхь.

* * *

Усэ псори поэзие хъуркъым. Поэзиер искусствэ хъуа псалъэрщ, усэрщ. Абы иІэжщ езым и хабзэхэр. Ахэр пщІэн хуейщ, поэзиер къыбгурыІуэн папщІэ.

* * *

Цыджан Іэгуиплъэм цІыхухъу гуэрым жреІэ:

- Уэ цІыхубзхэм фІыуэ укъалъагъунукъым уи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуху.

- Абы иужькІэ-щэ?

- Абы иужькІэ я щхьэфэмураудэкІыну? – жиІэри цыджан Іэгуиплъэр дыхьэшхыу ІукІыжащ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Дзыгъуибгъу зэдеІэмэ, кхъуей ... трач. **5**. ... мыхъу фІы хъужыркъым. **9**. Ахъмэт и фо ..., улъэмыІэсмэ сыт и сэбэп. **11**. Къуалэр лы ... щохуарзэ, уэркъыжьыр былым ... щопсых. **12**. КъуанщІэм нэ ..., «набдзэ» жиІащ. **13**. Мывэр куэдрэ щылъмэ, ... къытокІэ. **15**. Блэ зэуар ... щощтэ. **16**. Аслъэныр жьы ..., хьэІуцыдзыр щодыхьэшх. **17**. ... ... лъагъуэ зэхуаІэщ. **20**. Псыпэр зэрыжэм ... ирожэ.

***Къехыу:*** **1**. Вы хъунур ... щІыкІэ уощІэ. **2**. ЛэжьэнкІэ ..., шхэнкІэ дыгъужьщ. **3**. Пэжым ... ирещІ. **6**. Зы гъэм шкІэщ, ... жэмщ. **7**. Хъуэжэ лІыщІэ ..., лІыщІакІуэ ежьэжащ. **8**. ... зейм емыщхьмэ, хьэрэмщ. **10**. Зыри ... зэи щыуэркъым. **14**. ... къэзыдыгъум джэди къидыгъунщ. **18**. ... узрихьэлІэр шхыныфІщ. **19**. Уи нысэ ... ебгъамэ, уипхъу ешхыдэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

***ЩэкІуэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Ленинград. **4**. Бжэндэхъу. **6**. Лэч. **7**. Быж. **9**. Мухьэдин. **12**. Хьэсэпэхъумэ.
***Къехыу:*** **1**. Кхъухь. **2**. «Нанэ». **3**. Ду. **4**. Былым. **5**. Хъуржын. **8**. Лэгъуп. **10**. Кхъухь. **11**. Уэ.

● ЖыІэгъуэхэр

## ФІыр щыхуалэм Іейр щогъагъэ

♦**ЦІыхум нэи жьэи къритащ: щхьэж къызыхуигъэщІамкІэ маплъэ.**
♦**Псалъэр Іуэхум япэ къожьэ, ауэ абы дэкІуэдыжыркъым.**
♦**ФІыр щыхуалэм Іейр щогъагъэ.**
♦**ЩхьэкІэр пыбгъэщкІэ лъабжьэр гузавэрэ?**
♦**ЖиІам яхутемычыр цІыху**
♦**ІуэнтІащ, темытыжыфыр хьэлыншэщ.**
♦**Зи мыІуэху зезыхуэр емынэм зэрехуэ.**
♦**Зэран хъу и гугъэурэ сэбэп хъуам нэхъей.**
БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Псапэ щIэнми хуагъасэ

**● Сабийхэм я дунейпсо махуэм**

**Псапэ щIэныр цIыхум къыдекIуэкI хьэлыфIхэм ящыщщ. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм, щытыкIэ гугъу къихутам зыщIэбгъэкъуэныр Iуэху дахэщ икIи щхьэпэщ. Псапэ щIэным лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIа, ныбжь зэхуэмыдэхэм ит, IэщIагъэ зэмыщхь зиIэ цIыхухэр зэкъуегъэувэ, апхуэдэуи а Iуэхум наIуэ къещI цIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ зэрыуасэншэр.**

НАЛШЫК къалэ дэт сабий сад №29-м лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI я гъэсэнхэр фIым хуаущиинымкIэ, цIыкIухэм гуапагъэр зыхрагъащIэрэ езыхэри къэзыухъуреихьхэм абыкIэ яхуэупсэфу къэгъэхъунымкIэ. Абы и щыхьэтщ Сабийхэм я махуэм ирихьэлIэу абы щрагъэкIуэкIа Iуэху щхьэпэр - «ФIы щIэ» махуэшхуэ псапащIэ жармыкIэр. А махуэм абыхэм мурад ящIат зи узыншагъэкIэ щытыкIэ гугъум къихута Шэмпар Ахьмэд и унагъуэр даIыгъыну. Ахьмэд и адэ-анэр махуэ къэс я къуэм и гъащIэм щIобэн. ЩIалэ цIыкIум и узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным мылъкушхуэ зэрытекIуадэм къыхэкIыу, унагъуэр я закъуэу пэлъэщыркъым. Жылагъуэр зэкъуэуващ сабийм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну, мы сабий гъэсапIэми и лэжьакIуэхэмрэ къекIуалIэ цIыкIухэм я адэ-анэхэмрэ зэгурыIуэри, псапащIэ Iуэху щхьэпэм я гуащIэ халъхьащ.

ЖармыкIэр махуэшхуэ жыпхъэм иту къызэрагъэпэщат. Абы и «лIыхъужь» нэхъыщхьэр сабийхэрати, щхьэпагъ гуэр зэращIэм игъэгушхуауэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу щхьэж хузэфIэкIыр игъэлъагъуэу зэхыхьэм хэтт. ЖармыкIэр егугъуу, къулейуэ къызэрагъэпэщат: абы къыщыпщэхуфынут ерыскъы щIэщыгъуэхэр, IэфIыкIэ зэхуэмыдэхэр, тхылъхэр, сурэт зэращI, зэрытхэ Iэмэпсымэхэр, зэрыджэгу, хъыджэбз цIыкIухэм зэрызагъэщIэращIэ, илъэсыщIэ псейр зэрахуапэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ куэдыр цIыкIухэр я дэIэпыкъуэгъуу сабий садым и лэжьакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ ягъэхьэзырат. Я IэрыкIхэм щIэупщIэ зэраIэм, абы къыпэкIуэ ахъшэмкIэ езыхэм хуэдэ сабийм и узыншагъэр зэфIэгъэувэжынымкIэ сэбэп зэрыхъуфынум гу лъызыта цIыкIухэм а махуэм къагурыIуащ зымащIэкIэ мыхъуми уи щхьэпагъ цIыхум ебгъэкIыныр псапэ зэрыхъум къыщымынэуи, гухэхъуэ абы зэрыхэпхыр.

ЖармыкIэм хэту IэпщIэлъапщIагъэм теухуа мастер-классхэри къызэрагъэпэщащ, абдеж гупыж зыщI дэтхэнэми IэрыкI гъэщIэгъуэнхэр ящIу зыщрагъэсащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «ФIы щIэ» псапащIэ жармыкIэм къигъэлъэгъуар гъунэгъум пхузэфIэкIымкIэ дэIэпыкъуэгъу узэрыхуэхъуным иIэ мыхьэнэм и закъуэкъым, атIэ ар икIи щхьэпэ хъуащ сабийхэм я творческэ зэфIэкIым зегъэужьынымкIи.

Сабий сад №29-м и унафэщI Хьэщыкъуей Анжеликэ жармыкIэм хэта псоми фIыщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ сабийхэм нобэ халъхьэ гъэсэныгъэр, нэхъыжьхэм абыхэм ирагъэлъагъу щапхъэр абыхэм гъащIэм гъуазэ нэхъыщхьэ зэрыщахуэхъужынур. «Къетхьэжьэ Iуэхухэр къыддэфIыгъыу фыкъызэрыткъуэтым, фIыкIэ гъащIэм щхьэпэ фыщыхъуну фызэрыхущIэкъум дэри ди лэжьыгъэр адэкIэ едгъэфIэкIуэным дытрегъэгушхуэ, апхуэдэ фи щытыкIэр фи сабийхэр гуапагъэрэ лъагъуныгъэрэ щытепщэ дунейм хэфпIыкIынымкIи щхьэпэ къыфхуохъуж», - захуигъэзащ абы адэ-анэхэм.

ПсапащIэ жармыкIэм къыхэкIа ахъшэр Шэмпар Ахьмэд и адэанэм иратащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**





# Бекъулымрэ Тхьэмокъуэмрэ дагъэгушхуэ

**Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием тхэквондом зыщыхуэзыгъэсахэм дагъэгуфIэ зэпытщ иужьрей зэманым. Африкэ жыжьэм хыхьэ Экваториальная Гвинеем и къалащхьэ Малабэ къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. ЦIыхубз балигъхэм тхэквондомкIэ я дунейпсо чемпионат зэIухауэ мы махуэхэм абы щекIуэкIам килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж домбеякъ медаль къыщихьащ адыгэ пщащэ Бекъул Миланэ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, тхьэмахуитI хуэдиз ипэкIэ Китайм и Уси къалэм щызэхэта дунейпсо чемпионатым етIуанэ увыпIэр щиубыдауэ щытащ ди спортсменкэ лъэрызехьэм. Абы щыгъуэ финалым и Iыхьэ ныкъуэм абы щыхигъэщIауэ щыта, хэгъэрейхэм я тхэквондисткэ Ван Сий Африкэм къыщытекIуэжащ икIи дыщэ медалым и гъуэгур Миланэ фIигъэбыдащ.

Фыщыдгъэгъуазэнщи, Уси тхэквондомкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатымрэ Малабэ иджы щызэхэта чемпионат зэIухамрэ зэрызэщхьэщыкIыр абыхэм хэт спортсменхэм я лъэщагъхэмкIэщ: япэм хэтхэр зыщыщ къэралхэм щынэхъ лъэщ дыдэхэрщ, етIуанэм - я хьэлъагъхэм елъытауэ гуп гуэшахэм зы къэралым къыбгъэдэкIыу цIыху зыбжанэ хэбгъэт мэхъу. ЖыпIэнурамэ, Бекъул Миланэ зыхэта гупым, езым нэмыщI, УФ-м къыбгъэдэкIыу иджыри хъыджэбзищ хэтащ икIи абыхэм ящыщу Ангеловэ Алиси ещанэ хъуащ.



Бекъул Миланэ ижьырабгъумкIэ япэу щытщ.

Малабэ щекIуэкIа чемпинатым я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ къэрал 35-м я спортсмени 188-м.

Апхуэдэуи Швейцарием и Егле къалэм къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. Мы махуэхэм абы щекIуэкI, тхэквондомкIэ щIалэгъуалэм я дунейпсо чемпионатым и дыщэ медалыр къихьащ «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Тхьэмокъуэ Элинэ. Килограмм 42-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ди пщащэм зэIущIиплI щригъэкIуэкIащ. Финалым Элинэ щыхигъэщIащ Алыджым щы спортсменкэр, къызэрытекIуэн зы Iэмали иримыту.

Ди командэм ядэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэщ.


Тхьэмокъуэ Элинэ япэ увыпIэм тетщ.

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**

**● КъБР-м щыIэ МВД-м къет**

## «Бдзэжьеящэхэр» яубыд

**Хабзэр къызэпаудауэ бдзэжьей ещэ, Бахъсэн районым щыпсэу цIыхуищ Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и участковэхэм яубыдащ.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, Гундэлэн деж псым токкIэ бдзэжьейр щагъэундэращхъуэрт, зэхуахьэсырти, IуфэмкIэ къадзырт. Хуит ямыщI Iэмэпсымэмкiэ къаубыдащ пащIэкIапсэрэ бдзэжьей къуэлэну 600-м щIигъу. Абы кърикIуащ сом мин 550-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм къэхъухэр зэхэгъэкIынымкIэ и IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 256-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абыхэм Iэ щIрагъэдзащ щIыпIэм имыкIыну, хабзэр къызэпамыудыну.

## ПцIым фIым ухуишэркъым

**Урысей МВД-м Налшык щиIэ управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ кредитым ехьэлIа гъэпцIагъэ зэрахьэу. А щIэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч хуащI илъэс 28-рэ зи ныбжь, Лэскэн районым щыпсэу цIыхубзым.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, ипшыныжын мурад имыIэу, цIыхубзым, мобильнэ гуэдзэнымкIэ банкым лъэIу Iэригъэхьащ автомашинэ къищэхун папщIэ кредит къратыну, апхуэдэуи и лэжьыгъэмрэ улахуэмрэ теухуа хъыбар нэпцIхэр щIигъуащ.

ЛъэIум хэплъэри, финанс IуэхущIапIэр арэзы хъуащ цIыхубзым сом мелуани 2 щIыхуэу иратыну. Ахъшэр къыIэрыхьэри, шэч зыхъуащIым ар тригъэкIуэдащ и щхьэкIэ зыхуэныкъуэхэм икIи банкым щIыхуэр иритыжакъым. ЩIыхуэм пэкIуэж ахъшэр зыбжанэрэ хилъхьэри, банкроту зыкъригъэлъытэным теухуа дэфтэр игъэхьэзырын щIидзащ.

Апхуэдэ нэгъуэщI зы Iуэхуи къэхъуащ. КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ Бахъсэн районым щыпсэу, илъэс 22-рэ зи ныбжь щIалэр. 2025 гъэм и накъыгъэм абы зыIэригъэхьащ финанс IуэхущIапIэм и ахъшэ сом мелуанрэ мин 700-рэ. Абы зиумысыжащ машинэ къищэхун, щIыхуэри ипшыныжын мурад зэримыIамкIэ. КъыIэрыхьа ахъшэр езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ. Урысей МВД-м и Налшык управленэм шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэхухэр къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэм ятеухуауэ.

## Сом мелуаний ипшыныжынущ

**Илъэс 48-рэ зи ныбжь тэрчдэс цIыхубзым илэжьа хьэгъэщагъэр Налшык УМВД-м и уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ.**

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык щиIэ управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къызэрахутамкIэ, цIыхубзым ахъшэ кърятын папщIэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу зригъэтхри, финанс Iуэху зыбжанэ зэфIихащ, фирмэм и лэжьыгъэм ехьэлIа хуэдэу.

АдэкIэ онлайн лъэIу итащ и Iуэхум зригъэужьын папщIэ кредит кърятыну, зыхуеину къыхуагъэлъэгъуа дэфтэрхэр дыщIигъури, банкым сом мелуаний къыIихащ. Ауэ щыхъукIи, ипэжыпIэкIэ бизнесым пыщIатэкъым икIи ахъшэр итыжыну и мурадтэкъым. ГъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьа мылъкур зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.293 Заказыр №2519

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А